

**Sèvis Sante**

Dr. Linda Grant, Direktris Medikal  
Boston Latin Academy  
443 Warren St., Suite #2  
Dorchester, Massachusetts 02121

617-635-6788

Lgrant@bostonpublicschools.org

2 Janvyè, 2017

Chè Fanmi ak Anplwaye Lekòl Piblik Boston-yo,

Avèk sezon fredri-a ki deja rive sou nou-an, nou ta renmen asire ke nou tout ap fè pati pa-nou pou nou asire ke nou genyen yon anviwonman sen e sof e akeyan pou tout moun. Se responsabilite tout moun pou yo fè prevansyon pou ke maladi ki konn atake moun byen souvan nan sezon fredri-a pa fin pwopaje sou nou, kouwè grip oubyen viris nan vant, pou ke nou kapab pwoteje sante elèv nou-yo, pèsonnèl nou-yo, ak manm kominote-a.

Pafwa li kapab difisil pou paran-yo decide si ke yap voye pitit-yo lekòl ou non, lè ke elèv-la ap eksperimente sentòm yon maladi. Anplwaye-yo tou fè fas a menm desizyon sa-a leskè yap decide si yo dwe al travay ou non.

Anba-a se kèk direksyon pou ede fanmi ak anplwaye decide kilè li nesesè pou yo rete lakay-yo. Si yon endividi ap eksperimente youn nan sentòm suivan-yo, nou mande pou nou kenbe pitit nou-yo lakay, e anplwaye-yo rete lakay, pou 24rèd tan aprè ke sentòm-yo disparèt :

- **Fyèb** — *Tanperati kò moun-nan monte 100.5 degre Fahrenheit ou pi plis.* Elèv-la bezwen rete lakay li pou 24rèd tan aprè ke tanperati-li vin nòmral san èd okenn remèd pou fè fyèb-la tonbe, kouwè Ibuprofen ou swa Acetaminophen.
- **Djare**— *Moun-nan prèske watè dlo oubyen li watè dlo an twa fwa ou plis nan yon period 24rèd tan, espesyalman si moun-nan santi-l malad.* Elèv-la ou swa anplwaye-a dwe rete lakay-li pou 24rèd tan aprè dènye watè dlo-a.
- **Vomisman**—*De fwa ou plis pandan dènye 24rèd tan-an, espesyalman si moun-nan santi-l malad.* Elèv-la ou swa anplwaye-a dwe rete lakay-li pou 24rèd tan aprè dènye fwa li te vomi-a.
- **Touse san pran souf** — *Plizyè malady kapab lakòz li.* Elèv-la ou swa anplwaye-a kap pede touse-a dwe wè doktè premye swen-li e rete lakay-li jouk sa rezoud.
- **Fatig**— *Sentòm-yo enkli yon fatig ki pa janm ale, figi blanchi, pèt apeti, difikilte pou li leve nan kabann, konfizyon ak sansasyon nwizans nan kò li.* Elèv-la ou swa anplwaye-a dwe rete lakay-li jouk li santi-l byen, ou swa jouk li wè doktè premye swen-li.



• **Maladi farenjit gòj oubyen Konjonktivit ke bakteri lakoz (Zye Roz)** — *Maladi ke founisè premye swen-yo deja dyagnostike epi preskri tretman.* Moun-nan dwe rete lakay-li pou 24rèd tan aprè premye dòz antibyotik-la.

Si nenpòt nan sentòm sa-yo manifeste pandan jounen lekòl-la, tanpri rele pou-ou fè aranjman pou yon moun vin chèche pitit ou-a ouswa fè aranjman pou manm pèsonnèl-la ale lakay-li. Nou sijere tou pou ou konsilte yon doktè premye swen. Tanpri kontakte enfimiyè lekòl-la ouswa founisè premye swen-an si ke ou pa si, si ke elèv-la ouswa anplwaye-a dwe rete lekòl-la ou non akòz kondisyon sante-li. Sonje pou rapòte rezon timoun-nan ouswa anplwaye-a absan-an a pèsonnèl lekòl-la.

Si ou genyen kestyon oubyen ou bezwen asistans, tanpri kontakte Sèvis Sante BPS-la nan (617) 635-6788. Pou konsèy ak resous anplis, tanpri vizite sit entènèt Depatman Sèvis Sante BPS-la nan [www.bpshealthservices.org/factsheets](http://www.bpshealthservices.org/factsheets) ouswa sit entènèt Komisyon (Komite) Sante Piblik Boston-an nan [www.bphc.org](http://www.bphc.org).

Sensèman,



Linda Grant, Direktris Medikal  
Lekòl Piblik Boston

